

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi pikeun panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran panalungtikan nu dijéntrékeun di luhur ngeunaan média *Educaplay* dina pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2024/2025, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeunna média *Educaplay* kaasup kana katégori ‘Kurang’ sabab miboga rata-rata peunteun 36,36. Rata-rata peunteun dicangking dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteun nyaéta: 1) aspék aksara ngalagena kaasup kana katégori ‘Cukup’, sabab miboga rata-rata 25,01 (46,48%) tina total peunteun 54; 2) aspék aksara swara kaasup kana katégori ‘Kurang pisan’, sabab miboga rata-rata 0,93 (18,6%) tina total peunteun 5; 3) aspék rarangkén kaasup kana katégori ‘Kurang pisan’, sabab miboga rata-rata peunteun 9,5 (25,6%) tina total peunteun 37; 4) aspék wilangan kaasup kana katégori ‘Kurang pisan’, sabab miboga peunteun rata-rata 0,6 (15%) tina total peunteun 4. Hartina, saméméh dilarapkeunna média *Educaplay* dina pangajaran aksara Sunda siswa téh can maham kana wangun aksara Sunda anu bener. Utamana siswa can maham wangun aksara wilangan jeung rarangkén.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda sabada dilarapkeunna média *Educaplay* kaasup kana katégori ‘Hadé pisan’ sabab miboga rata-rata peunteun 83,13. Rata-rata peunteun dicangking dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteun nyaéta: 1) aspék aksara ngalagena kaasup kana katégori ‘Hadé pisan’, sabab miboga rata-rata peunteun 48,7 (90,18%) tina total peunteun 54; 2) aspék aksara swara kaasup kana katégori ‘Hadé’, sabab miboga rata-rata peunteun 3,9 (78%) tina total peunteun 5; 3) aspék rarangkén kaasup kana katégori ‘Cukup’, sabab miboga rata-rata peunteun 22,8 (61,6%) tina total peunteun 37; 4) aspék

wilangan kaasup kana katégori ‘Hadé’, sabab miboga rata-rata peunteun 3,2 (80%) tina total peunteun 4. Hartina, sabada dilarapkeunna média *Educaplay* dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa jadi bisa maham kana wangun aksara Sunda anu bener.

- c. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada dilarapkeunna média *Educaplay* ka siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2024/2025 dititén tina hasil rata-rata peunteun *pre-test* jeung *post-test* anu ngaronjat. Saméméh dilarapkeunna média *Educaplay*, rata-rata peunteunna nyaéta 36,36 sedengkeun sabada dilarapkeunna média *Educaplay* peunteun rata-rata ngaronjat jadi 83,13 tina total 30 siswa. Bébéda nu nyampak tina kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada dilarapkeunna média *Educaplay* ieu dibuktikeun ngaliwatan uji statistik nyaéta uji normalitas jeung uji hipotésis. Dumasar kana hasil uji normalitas nuduhkeun distribusi data anu normal nyaéta niléy signifikansi *pre-test* nuduhkeun hasil $0,242 > 0,05$ jeung hasil tina uji normalitas *post-test* nuduhkeun hasil $0,156 > 0,05$. Éta data nuduhkeun yén $p > 50\%$ hartina data dina ieu panalungtikan distribusina normal. Kitu deui uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji statistik paramétrik kalawan uji *T-test*. Hasil uji hipotésis nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nuduhkeun hasil Sig(2-tailed) aya di angka 0.000 hartina kaasup kana rentang $< 0,05$. Ku kituna H_1 ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina, dumasar ieu hasil panalungtikan aya béda nu signifikan tina hasil kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang taun ajar 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeunna média *Educaplay*.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, média *Educaplay* téh éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda. Aya sawatara rékoméndasi ti panalungtik sangkan dina panalungtikan satuluyna bisa leuwih hadé. Rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna saperti ieu di handap.

Lusie Puspita Sari, 2025

MEDIA EDUCAPLAY DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-J SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Média *Educaplay* bisa dijadikeun salasahiji média alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda
- b. Dina panalungtikan nulis aksara Sunda ngagunakeun média *Educaplay* aya sawatara hal nu kudu diperhatikeun nyaéta: 1) kudu bisa ngararancang jeung nataharkeun kagiatan pangajaran sangkan luyu jeung tujuan pangajaran; 2) milih *games* nu cocog pikeun dipaké dina kagiatan pangajaran; 3) bisa ngondisikeun kaayaan kelas sangkan kondusif jeung siswa bisa leuwih museurkeun fokusna kana matéri ajar nu ditepikeun.
- c. Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa ngabuktikeun yén hasil kagiatan pangajaran nulis aksara Sunda ogé bisa ngamangpaatkeun média pangajaran digital hususna *Educaplay*.
- d. Ieu panalungtikan maké métode kuasi ékspérimén, ku kituna diperlukeun ayana panalungtikan deui nu leuwih teleb.